SULUK WALEH

PUPUH
D U R M A

1. Kawruhana lamun sira tinakonan, apa tegese lajim, enggal saurana, meneng pan tegesira enggal, sipat subut sajati.
2. Lajim lawan subut artinipun apa saurana den aglis kadi urip kita kang wikan ing priyongga, kang kawasa ingpribadi, ingkang miyarsa, nora liyan pribadi.
3. Kang akarsa pan nora liyan piyambak, miwah kang aningali, pan iya piyambak, kang anabda priyongga, kang langgeng kekel pribadi, kang maha mulya, nora liyan pribadi.
4. Ingkang elok pan nora liyan piyambak, miwah ingkang ningali, tan liyan piyambak, kabeh ingsun piyambak, kang ngasih ingkang ngasihi, inggih punika, reke semuning lajim.
5. Lawan malih lamun sira tinakonan pundi asmaning widhi, saurana enggal, ye kung kang wus sira cap, pundi kahanan ing widhi, jawaben enggal, asedya ing pribadi.
6. Nenggih ingkang pundipribadining Allah, saurana den aglis, apan sedya baka, pundi sedyaning allah, sedya langgeng ing pribadi, ingkang kuwasa, ingkang murba kang ngurip.
7. Ingkang nabda ingkang ningali tan liyan, kahanan ing ywang widdhi, pundi dheweking Hyang, anulya saurana, ingsun dhewe ing Ywang Widdhi, ingsun punika, tegesipun punapi.
8. Saurana iya mantep tegesira, kang sedya ingsun yekti, tegese pan iya, nora nana kahanan, roro pan tingal kakalih, myang nora nana, iya tingal kakalih.
9. Ing tegese iya ingsun ingkang sedya, ya ingsun ingkang ngurip, ingsun kang kuwasa, ingsun ingkangmiyarsa, ingsun ingkang aningali, ingsun kang wikan, ingsun kang maha suci.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

10. Ingsun ingkang maha luhur maha mulya, ingsuningkang jateni, ingsun kang nugraha, ingsun ingkang anabda, ingsun ingkang suksma linuwih, ingsun kang tunggal, nyata tan bastu jisim.
11. Iya ingsun kang urip datanta nyawa, langgeng tan owah gingsir, ingsun kang sampurna, kang agung kang misesa, kang elok ingsun sayekti, pan ingsun ingkang, muji ingkang pinuji.
12. Ingsun ingkang tanpa enggon tanpa arah, ingsun kang tanpa warni, ingsun tanpa rupa, ingsun kang tanpa mongsa, kang tanpa jiyad sun ugi, tanpa munafah, tanpa tuduhan mami.
13. Ingsun ingkang manteb ananingsun dhawak, malih yen den takoni, endi jatining ywang, den enggal jawabira, jatining Allah kang pasthi, kahanan ing Ywang sedya ana pribadi.
14. Tegesipun purba karuwu kang tanpa, wwitan kang tanpa wit, pan inggih punika, kang yekti jatining Ywag pundi kahanan ing Widhi, ingkang sanyata, saurana den aglis.
15. Angestoken ing dhirinipun piyambak, lire wus tan ngulati, sakabehe mapan, wus kawengku dening wang jer ingsun ratu linuwih, ratu kang tunggal, tunggal datan kakalih.
16. Tegesipun kang mantep lan dheweking wang tanana mamanoeni, miwah kang madhaa, mulya gung luhur ing wang, lan gunging karaton mami, langgeng tan owah, urip tan keneng pati.
17. Lan maliye tinakon pundi dattolah, den inggal anauri, apan iya sedya, durunge ana jagad, lan sawuse jagad dumadi, asedya uga, birahi ing pribadi.
18. Nenggih ingkang pundi sedyane dattollah saurana den aglis, iya tansah molah, lawan tanpa wekasan, ing aran Allah kang pasthi, jawaben enggal, kahananira yekti.
19. Kang ngakarsa lan pundi wimbuh ing Allah, saurana den aglis, iya karsanira, kang tanana towongnya, kang tanana kirang neki, lawan kang ora, kena ing owah gingsir.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

20. Lawan malih wonten ing patakening wang, pundi tunggaling widhi, enggal saurana, aran kang ing aranan, tunggal lan wujud kakalih, wus nora mangmang, lan nora pindho kardi.
21. Dene lamun tinakonan malih sira, jongka tigang prakawis, ingkang dhingin uga, tan adoh lawan sira, tan aneng sarira dening ping tri kha srira, saurana den aglis.
22. Kang tan adoh saking sarira sahadat, tan aneng srira takbir, kha srira sakharat, kadya paran lirira, saurana dipun aglis, liring sahadat, amor winong pribadi.
23. Tegesipun takbir pan sira pangeran anembah lan amuja, ing pribadinira, tegese kang sahadat, dene tan esak ingpati, lan nora mangmang, lan malih bokmanawi.
24. Tinakonan masallah tigang prakara, dene ingkang rumiyin, imba wawayangan, lankitab amakutha, latar putih tanpa tulis, lare dene ta, kang iman mulya suci.
24. a. Tinakonan masalah tigang prakara, dene ingkang kariyin, imbar wawayangan, lan kitab amakutha, latar putih tanpa tulis, wus jangkep tiga, saurana den.

@@@

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS